



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.5 MILYON DOLA POU AGRANDI SANT INOVASYON VÈ POU SIPÒTE RECHÈCH POU REDIKSYON DECHÈ

*Finansman adisyonèl pou sipòte rechèch sou novo pwodiksyon ak re-itilizasyon
vè nan Fakilte Seramik Eta New York nan Alfred University*

Bati sou patenarya akademik ak inisyativ solid Eta New York pou redwi dechè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a envestisman Eta a pou ranfòse kolaborasyon lidè nan peyi a ak Fakilte Seramik Eta New York (New York State College of Ceramics, NYSCC) nan Alfred University pou elaji mache resiklaj la epi ede pwogram resiklaj minisipal yo jwenn novo fason pou resikle ak re-itilize vè. Yo te ajoute yon lòt 2.5 milyon dola nan 1.7 milyon dola ki deja disponib pou travay kontinyèl Sant lan sou pwodiksyon, opsyon resiklaj, ak opsyon re-itilizasyon vè.

"New York kontinye dirije nasyon an sou aksyon klimatik epi elaji mache resiklaj nou yo se yon pati kle nan efò nou pou konstwi yon eta ki pi vèt pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya sa a ak Fakilte Seramik Eta New York la pral avanse efò nou yo pou redwi dechè solid epi kenbe eta nou an sou chemen pou atenn objektif klimatik anbisye nou yo."

Mache resiklaj yo kontinye fè eksperyans volatilité nan peyi Etazini ak atravè mond lan, sa ki lakòz operasyon resiklaj yo ap lite pou jwenn mache awopriye pou materyèl, ki afekte efò resiklaj dechè solid yo. Vè se youn nan eleman ki pi lou nan fliks dechè minisipal la epi li koute chè pou li trete. Eta New York kontinye travay ak pati konsène kle yo, ki gen ladan minisipalite yo, pou fè estrateji sou fason pou adrese defi sa yo.

Pwojè ke y ap antreprann pa Sant Inovasyon Vè (Center for Glass Innovation) Fakilte Seramik Eta New York nan Alfred University (NYSCC) gen ladan yo sèvi ak materyèl ki fabrike apti vè dechè minisipal resikle oswa amelyore ak lòt fliks endistriyèl nan kreyasyon dig nan Long Island pou ede anpeche inondasyon alavni ki entansifye pa ogmantasyon nivo lanmè a. Genyen tou travay sou kraze vè an yon materyèl ki tankou poud yo itilize nan siman/beton pou ranfòse beton an epi anpeche flambaj oswa gonfleman, sa k ap bati rezistans pandan evènman move tan yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Eta New York ap envesti nan jwenn opòtinite pou resikle ak re-utilize vè epi apwoche ki pi dirab pou rediksyon dechè. Patenarya eksitan sa a ak NYSCC kontinye travay New York nan tèt devlopman pratik inovan pou redwi dechè, envesti nan enfrastrikti resiklaj, ankouraje pwodwi ki pi fasil pou resikle, epi sipòte ekonomi lokal yo."

NYSCC gen yon repitasyon renome mondal nan domèn syans ak enjenyeri vè e se sèl enstitisyon nan peyi a ki ofri yon diplòm doktora nan syans vè. Depi lè diplòm syans ak enjenyeri vè NYSCC a te etabli nan ane 1932, plizyè milye diplome te jwenn pozisyon reyisi nan ban devan dekouvèt materyèl, trètman ak fabrikasyon vè.

Prezidan Alfred University a, Mark Zupan, te deklare, "Alfred University se sèl enstitisyon edikatif siperyè nan peyi a ki ofri pwogram enjenyeri ak syans vè nan nivo premye sik, metriz ak doktora. Ansyen etidyan ak pwofesè nou yo te kreye inovasyon tankou Gorilla Glass; flakon Valor Glass ki trè dirab yo itilize pou distribye vaksen COVID; kapasite nan transmèt vwa ak done pa kab fib optik; ak mwayen pou enprime batiman 3D lè yo sèvi avèk vè resikle. Atravè lidèchip dwayen Lekòl Enjenyeri Inamori nou an, Doktè Gabrielle Gaustad, nou fyè e nou rekonesan dèske nou fè patenarya ak Eta New York pou amelyore kapasite pou resikle vè—yon objektif enpòtan pou pwomouvwa dirabilite globalman ak pou bay inovasyon pou sèvi moun toupatou."

Dwayen Lekòl Enjenyeri Inamori a nan Alfred University ak Vis Prezidan Afè Legla, Doktè Gabrielle Gaustad, te deklare, "Kòm yon chèchè dirabilite ak resiklaj, travay sa a depase espesyal pou mwen pèsonèlman. Mwen tèlman kontan anpil sou pwogrè nou deja fè sou resiklaj ak re-utilizasyon vè jiska dat, patikilyèman kèk nan itilizasyon inovan pou kalsen ki gen fèb kalite ke etidyn premye sik, diplome, pwofesè, ak anplwaye syans vè nou yo te devlope. Pwolonje travay sa a ta dwe bay anpil opòtinite pou ogmantasyon ak transfè teknologik ak nan Eta New York."

Anons jodi a baze sou patenarya sere Eta New York ak State University of New York (SUNY) pou devlope estrateji ki fè avanse pratik jesyon materyèl ki pi dirab. DEC deja angaje plis pase 20 milyon dola nan finansman pou travay ki deja sou pye ak University at Buffalo, NYSCC nan Alfred University, Stony Brook University, ak College of Environmental Science and Forestry (Fakulte Syans Anviwònmtantal ak Forestye) pou inove rediksyon dechè epi fè New York pi rezistan pou entèripsyon mache alavni yo.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Pandan n ap kontinye wè efè chanjman klimatik k ap grandi yo, li enpòtan pou nou jwenn fason dirab pou resikle. Fakilte Seramik Eta New York la ap fè egzakteman sa lè li sèvi ak vè resikle yon fason ki pi efikas. Mwen remèsyé Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè NYSDEC la Basil Seggos pou envestisman yo nan Sant Inovasyon Vè a ak sipò kontinyèl yo pou inovasyon rechèch atravè kanpis SUNY nou yo pou jwenn solisyon dirab pou defi anviwònmantal Eta New York yo pou jodi a ak pou lavni."

Manm Asanble Joseph Giglio te deklare, "Mwen kontan paske Gouvènè a ap finanse agrandisman pwogram rechèch inovatè sa a nan Fakilte Seramik Eta New York la nan Alfred University. Li enpòtan pou yo kontinye itilize tout resous ki disponib pou devlope nouvo teknoloji ak nouvo pwoesis. Agrandisman 2.5 milyon dola sa a pral bay chèchè Alfred yo plis opòtinite pou yo reyisi nan resiklaj ak re-itilizasyon vè nan fason inovan, estratejik, ki pral amelyore lavi moun nan tout Eta New York ak odela."

Pou siyifikativman ranfòse efò sa yo pou resikle dechè solid yon fason pi efikas, Bidjè Egzekitif 2023-24 Gouvènè Hochul la te pwopoze Lwa sou Enfrastrikti pou Rediksyon ak Resiklaj Dechè (Waste Reduction and Recycling Infrastructure Act, WRRIA) pou byen jere ak diminye dechè atravè eta a. Eta New York ap devlope yon nouvo estrateji diminisyon dechè ki Inisyativ sa a pral ogmante pousantaj resiklaj, pèmèt gouvènman lokal yo ekonomize plizyè dizèn milyon dola chak ane - yon estimasyon 150 milyon dola nan Vil New York sèlman - epi pwoteje anviwònman an. An 2021, li te koute Vil New York plis pase 400 milyon dola pou resikle anbalaj ak papye enprime, epi menm minisipalite ki pi piti yo tankou Konte Westchester (4.6 milyon dola), Syracuse (2.9 milyon dola), ak North Tonawanda (1.1 milyon dola) ap fè fas ak gwo depans resiklaj ki ta kapab redwi siyifikativman atravè nouvo pwogram sa a.

WRRIA ta pèmèt Nouyòkè yo ekonomize dè santèn milyon dola chak ane nan transfere responsabilite resiklaj bay pwodiktè yo - pa kontribyab yo. Pwogram nan mande pwodiktè yo devlope, finanse, ak aplike yon pwogram ki bay bonjan koleksyon ak resiklaj anbalaj ak pwodwi papye, majorite ladan yo se materyèl resiklab. Pwojè Iwa a ta etabli pousantaj resiklaj minimòm agresif, pousantaj rekiperasyon, pousantaj kontni resikle apre konsomasyon, ak pousantaj rediksyon nan sous pou pwodiktè yo reyalize, epitou li tabli dispozisyon pou fè respekte lalwa ak penalite pou non-konfòmite. Li sipòtou finansman pou enfrastrikti ak edikasyon, sa k ap ede fè resiklaj pi fasil epi gen mwens konfizyon.

Dènyèman, DEC te pibliye pwojè *Plan Jesyon Dechè Solid Eta New York la: Bati Ekonomi Sikilè a Atravè Jesyon Materyèl Dirab* pou revizyon ak kòmantè piblik. Plan an prioyize avanse yon ekonomi sikilè ak inisyativ pou anpeche degradasyon anviwònmantal ak pèt ekonomik lè yo minimize dechè ak asire materyèl ki gen valè kontinye sikile nan ekonomi an. Yon ekonomi sikilè ede konsève resous natirèl yo, diminye konsomasyon enèji, anpeche polisyon, diminye emision gaz ki lakòz efè tèmik, ak pwoteje sante kominote yo, ak yon konsantrasyon sou abòde fado ki pa pwopòsyonèl ki pa akseptab sou Kominote Defavorize yo. Plan pwojè a disponib sou [sit entènèt DEC](#) la epi yo pral aksepte kòmantè piblik jiska lendi 15 me.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)